

	Depatman Radyoloji
Imajri Sèvo PET/CT FDG Fèy Preparasyon	Mas 2025 Rev12

Fèy Preparasyon Imajri Sèvo PET/CT FDG

24 èdtan anvan eskanè w lan:

- Kenbe yon rejim alimantè tikras kaboyidrat, epi anpil pwoteyin. Pa pran anyen sikre epi pa pran anyen ki gen lanmidon.
PA pran pen, PA pran pasta, PA pran diri, PA pran pòm detè, PA pran fwi, epi PA pran sik. Piga bwè bwason ki gen alkòl nonplis.
- Manje pwoteyin tankou vyann, poulè, pwason, elatriye. Ou ka manje tou legim, ze, salad (sèvi sèlman ak lwil oliv ak vinèg kòm vinegarèt), epi fwomaj.
- Bwè anpil **dlo òdinè** jiska touswit anvan lè randevou w lan.
- Evite fè twòp egzèsis nan lavèy ak nan jou eskanè w lan pou evite kranp nan misk.
- **Pa fimen / vape oswa konsome alkòl pandan 24 èdtan anvan eskanè a.**

6 èdtan anvan eskanè w lan:

- Pa manje ni pa bwè anyen apa **dlo òdinè**. Pa bwè kafe.
- Pa konsome chiklèt, sirèt, pastiy pou tous, ni mant.
- Kontinye pran tout medikaman yo nòmalman, alesepsyon ensilin.
- Pasyan dyabetik yo dwe sispann itilize ensilin 6 èdtan anvan egzamen an. **Tout medikaman oral pou dyabetik** ta dwe sispann jou egzamen an epi yo pa ta dwe pran jiskaske egzamen an fini.
- Ponp ensilin yo dwe fèmen pandan 6 èdtan. anvan tan piki a.
- Pote nenpòt medikaman yo preskri pou anksyete nan egzamen an epi enfòmè teknolojis la.
- Mete rad ki konfòtab, cho san metal. San zip, bouton presyon, ni bouton metal.
- Retire tout bijou. Pa mete zanno, kolye, ni bijou pèsaj.

Machaswiv espesyal:

Tanpri rele Depatman Radyoloji a epi mande pou w pale avèk yon Teknolojis pou nenpòt nan senaryo ki annapre la yo:

- Pasyan an peze plis pase **350 liv**.
- Pasyan an nan yon chèz woulant oswa sou yon branka, epi li pa ka kanpe san sipò.
- Pasyan an prevwa pou l bò kote fanm ansent oswa timoun piti pandan peryòd 24 èdtan yo apre eskanè a.
- Yo prevwa pou pasyan an mete yon **“Aparèy pou Siveyans Glikoz”** oswa yon **“Enjektè Kòporèl Neulasta”** nan moman eskanè a.

Enfòmasyon Jeneral:

- Yon **eskanè PET/CT** egzamine avèk efikasite aktivite metabolik selil ou yo. Li ka idantifye kikote kansè a ye, nan ki pwen li gaye, epi si li reponn ak tretman an.
- Ou pral resevwa yon piki ak yon pwodui famasetik radyoaktif abaz sik, ki an sekirite konplètman epi ki pa gen okenn efè segondè. Li pa ajan kontras epi li pa gen yòd nan li.
- Sa pran 1 èdtan pou pwodui famasetik radyoaktif la absòbe, kidonk ou pral detann ou nan yon zòn trankil. Apresa, yo pral mande w pou w devide blad pipi w, epi akizisyon foto a ap kòmanse imedyatman apresa.
- Sa pran apeprè 30 minit pou yo pran tout foto PET/CT yo. Tout pwosesis la pran apeprè 2 zèdtan, kidonk tanpri, planifye kòm sadwa.
- Pou pasyan dyabetik yo, lekti glikoz la nan moman piki a dwe nan **200mg/dl** oswa pi ba, pou garanti presizyon eskanè PET an.